

parallax	paralaks	Chanjman aparman nan pozisyon yon objè akòz mouvman obsèvatè a.
parallel circuit	sikui paralèl	Yon kalite sikui elektrik kote gen plizyè trajektwa kouran; kouran total li egal a sòm kouran ki nan chak branch apa, epi si nenpòt branch louvri, kouran lòt branch yo p ap chanje.
parasitism	parazitik	relasyon senbyotik kote yon òganis benefisyè nan depans yon lòt, anjeneral yon lòt espès.
parasympathetic nervous system (PNS)	sistèm nève parasenpatetik (SNP)	divizyon sistèm nève otomatik ki kontwòle anpil fonksyon entèn kò a lè kò a ap repoze.
pascal	paskal	Inite Sistèm Entènasyonal presyon; yon paskla (Pa) egal a fòs yon nyouton pou chak mètr kare.
passive transport	transpò pasif	mouvman patikil atravè manbràn selilè yo gras a pwopagasyon oswa osmoz; selil la pa itilize enèji pou deplase patikil yo atravè manbràn nan.
pathogens	patojèn	ajan tankou bakteri, pwotozoyè, chanpiyon, viris ak lòt parazit ki bay maladi.
pendulum	pandil	Yon aparèy ki ka demontre mouvman amonik senp lè plon li yo (yon ti boul oswa pwa masif), ki pann nan yon kòd oswa yon tij limyè fil redi sou yon bò epi lache, sa ki lakòz li balanse nan toulède sans yo.
pepsin	pepsin	anzim ki nan sik gastrik la; li kòmanse dijestyon chimik pwoteyin ki nan manje a; li pi efikas nan anviwònman asid yo.
peptide	peptid	Yon chenn de (2) oswa plizyè asid amine ki asosye nan lyezòn peptid.
percent yield	rannman an pousantaj	Rapò ant yon rannman reyèl (nan yon eksperyans) ak rannman teyòrik (nan kalkil estekyometrik) ki ekspriye sou fòm pousantaj.
perennial	plant vivas	antofit ki viv pandan plizyè ane.
perigee	perije	Pwen nan òbit eliptik lalin nan ki pi pre ak tè a.
period	periyòd	Nan nenpòt mouvman peryodik, se kantite tan ki nesèsè pou yon objè repete yon sik mouvman konplè.
period	periyòd	Yon ranje orizontal eleman nan yon tablo peryodik modèn nan.
period	periyòd	Twazyèm inite tan ki pi long nan echèl tan jeyolojik la; li mezire ant dizèn milyon ak santèn milyon ane, epi li defini selon fòm lavi ki te an gwo kantite sou ki viv dijans.

		ki te an grann kantite oswa ki vin disparèt.
periodic law	lwa peryodik	Endike lè eleman yo ranje an nonm atomik kwasan, gen yon repetisyon peryodik pwopriyete chimik ak pwopriyete fizik yo.
periodic table	tablo klasifikasyon peryodik eleman	Yon tablo ki òganize tout eleman koni nan yon griy ranje orizontal (peryòd yo) ak kolòn vètikal (gwoup oswa fanmi yo) ki ranje selon nonm atomik kwasan an.
peripheral nervous system (PNS)	sistèm nève periferik (SNP)	divizyon sistèm nève a ki fòme avèk tout nè ki pote mesaj ki prale ak ki sòti nan sistèm nève santral la.
peristalsis	peristaltis	seri kontraksyon misk lis envolontè toutolon pawa aparèy disjestif la ki deplase manje atravè aparèy disjestif la.
permafrost	pèmafwòs (pèmajèl)	kouch tè ki jele toutan ki lokalize anba kouch arab tundra a.
permeability	pèmeyabilite	Pwopriyete yon sibstans pou kite dlo travèse li; sibstans lan gen anpil matyè ki gen gwo pò byen konekte epi li fèb an matyè ki gen yon ti kantite pò oswa pò ki piti.
petals	petal	ògàn flè tankou fèy; anjeneral estrikti yo gen gwo koulè anlè tij yon flè.
pH	pH (potansyèl idwojèn)	Logarit negatif konsantrasyon iyon idwojèn yo solisyon; solisyon asid yo gen valè pH ant 0 ak 7, solisyon baz yo gen valè ant 7 ak 14, epi yon solisyon ki gen yon pH 7, se yon solisyon net.
pharynx	farenks	nan planè yo, se ògàn miskilè tankou tib ki devlope nan bouch la; li ede nan alimantasyon ak dijasyon.
phenotype	fenotip	aparans eksteryè yon òganis, kèlkeswa jèn li.
pheromones	fewomòn	siyal chimik zannimo yo degaje pou mande lòt zannimo pou yo angaje yo nan konpòtman espesifik.
photic zone	zòn fotik	pati byòm maren ki fonase pou resevwa limyè solèy.
photon	foton	Yon patikil radyasyon elektwomayetik san mas ki se kondiktè yon kantite kouran espesifik.
photosynthesis	fotosentèz	Pwosesis konplèks ki konvèti enèji limyè solèy an enèji chimik nan lyezon idrat kabòn yo.

photovoltaic cells	selil fotovoltayik	Tranch (silisyòm) mens ak transparan ki konvèti limyè solèy an enèji elektrik epi ki fòme avèk kouch silisyòm ki gen anpil bò ak fosfò.
phylogeny	filojeni	istwa sou evolisyon yon espè ki baze sou relasyon konparatif estrikti ak konparezon fòm lavi modèn avèk fosil.
phylum	filòm	gwoupman taksonomik klas sanblab.
physical change	chanjman fizik	Yon kalite chanjman ki chanje pwopriyete fizik yon sibstans, men ki pa chanje konpozisyon li.
physical property	pwopriyete fizik	Karakteristik yon matyè ki obsève oswa mezire san chanje konpozisyon echantiyon an—pa egzanp, dansite, koulè, gou, dite ak tanperati pou fonn.
pigments	pigman	molekil ki absòbe longèdonn espesifik.
pistil	pistil	ògàn femèl repwodiktè yon flè.
pitch	ton	Se wotè maskimòm oswa wotè minimòm yon onn sonò, ki depann de frekans vibrasyon an.
placenta	plasenta	ògàn ki bay manje ak oksijèn pou jenn ki andedan matris mamifè plasentè yo epi ki retire dechè nan jenn sa yo.
placental mammals	mamifè plasentè	se mamifè ki akouche jenn ti mamifè ki te devlope andedan matris manman an jouk sistèm kò yo fonksyone nèt epi yo ka viv endepandan avèk kò manman an.
plankton	plankton	ti òganis ki gwoupe ak flote nan dlo zòn fotik la; li gen ladan òganis ototwofik ak òganis etewotwofik, ze yo ak etap jivenil plizyè zannimo maren.
plasma	plasma	Gaz kondiktè elektrisite; li cho epi li gen anpil iyon.
plasma	plasma	pati likid san an ki reprezante apeprè 55 pousan volim total san.
plasma membrane	manbràn plasmatik	limit fleksib ant yon selil ak anviwònman li; li pèmèt sibstans tankou dlo ak eleman nitritif antre epi li pèmèt pwodui dechè yo sòti.
plastic	plastik	Se yon polimè ki ka chofe ak modle pandan li mou.
plate tectonics	tektonik plak	esplikasyon jeyolojik pou mouvman kontinan sou enteryè likid ak epè latè.
platelets	plakèt	ti fragman selil nan san an ki ede san an kaye apre yon blesi.

polarization	polarizasyon	Pou yon leman, li dekri pwopriyete pou gen de (2) pòl diferan ak opoze, youn nan ladan yo se yon pòl k ap chèche direksyon nò epi lòt la se yon pòl k ap chèche direksyon sid.
pollination	polinizasyon	se transfè polèn ant ògàn repwodiktè mal ak ògàn repwodiktè femèl plant yo, anjeneral menm espès la.
pollutant	polyan	Sibstans ki boulvèse sik jeyochimik latè epi ki ka nui sante kreyati vivan yo oswa ki ka gen efè negatif sou aktivite yo.
polyatomic ion	iyon polyatomik	Yon iyon ki fòme avèk de (2) oswa plizyè atòm ki asosye epi k ap aji kòm yon sèl inite ki gen yon chaj nè.
polymer	polimè	gwo molekil ki fòme nan asosyasyon anpil molekil ki pi piti.
population	popilasyon	tout gwoup òganis menm espès la, ki kwaze epi k ap viv menm kote anmenmtan.
porosity	powozite	Pousantaj espas louvri ki nan mitan grenn yo nan yon wòch; li trè fò an sediman ki byen òganize.
position	pozisyon	Separasyon ant yon objè ak orijin lan; li ka swa pozitif, swa negatif.
positron	pozitwon	Yon patikil ki gen menm mas ak yon elektwon men ki gen yon chaj opoze.
posterior	dèyè	pwent ke zannimo ki simetrik bilateralman.
power	fòs	Travay ki fèt, divize pa tan ki nesèsè pou fè travay la.
precession	presesyon	osiyasyon nan aks wotayon latè.
precipitate	presipite	Yon solid ki pwodui pandan yon reyaksyon chimik nan yon solisyon.
precision	presizyon	Endike fason yon seri mezi rapwoche ak yon lòt; mezi ki gen presizyon yo montre ti varyasyon sou yons eri esè, men yo pa egzat.
pressure	presyon	Fòs ki aplike pou chak è inite.
primary color	koulè primè	Wouj, vèt, ak ble ki ka konbine pou fòme limyè blan epi ki ka melanje an pè pou pwodui koulè segondè: jòn, syan, ak majenta.
primary succession	siksasyon primè	endik òganis piyonye kolonize tè esteril yo.
primary wave	onn primè	Onn seyismik ki sere ak lanse wòch yo nan menm direksyon onn lan deplase, sa ki lakòz patikil wòch yo deplase nan toulède sans.

primate	primat	Mamifè ki te devlope karakteristik espesyal, tankou pous opoze ak de (2) zye ki dirije annavan, sitou akòz zansèt aborikòl yo.
prime meridian	premye meridyen	Liy imajinè ki reprezante lonjitid 0° (zewo degre), epi ki pase ant pòl nò, atravè Greyennwitch, Angletè, al pòl sid.
prion	priyon	yon ajan enfektye tankou viris ki konpoze sèlman avèk pwoteyin ki pa gen sibstans jenetik.
product	pwodui	Yon sibstans ki fòme pandan yon reyaksyon chimik.
projectile	pwojektil	Yon objè yo tire nan lè a, tankou yon balon foutbòl, ki mouvman endepandan vètikal ak orizontal, apre li resevwa yon pouse inisyal, vwayaje nan lè a sèlman anba fòs gravite a.
prokaryotes	pwokaryòt	òganis iniselilè, tankou bakteri, ki konpoze avèk selil pwokaryotik. Selil pwokaryotik yo manke estrikti ki asosye avèk manbràn entèn.
prophase	pwofaz	premye etap mitoz la ki pi long kote kwomatin woule nan kwomozòm ki vizib yo.
protein	pwoteyin	gwo polimè konplèks ki enpòtan pou tout vi ki konpoze avèk kabòn, idwojèn, oksijèn, azòt, souf kèkfwa; li pwokire estrikti pou tisi ak ògàn yo epi li ede reyalizasyon metabolis selilè a.
proton	pwoton	Yon patikil sibatomik nan nwayo yon atòmki gen yon chay pozitif ki egal a 1.
protozoan	pwotozoyè	pwotis tankou zannimo; li iniselilè ak etewotwòf.
pulse	poul	monte san atravk yon atè ki ka santi sou sifas kò a.
pupa	pip	etap metamòfoz ensèk kote tisi yo ak ògàn yo dekonpoze epi tisi adilt ranplase yo; lav sòti nan pip kòm yon adilt.
pyroclastic flow	ekoulman piwoklastik	Nyaj gaz, sann ak lòt sibstans vòlkanik ki ka detwi lavi, ki deplase rapid epi ki pwodui nan yon eklatman vyolan.